

## Deskripsiyon pou Paran osijè tès evalyasyon KG-2 Star Early Literacy

Pitit ou te pran sou konpitè yon tès evalyasyon *Star Early Literacy*. Tès Star literasi bonè/*Star Early Literacy*, evalye konpetans pitit ou nan nèf domenn ki esansyèl nan devlopman lekti. Anpil faktè ka afekte nòt pitit ou. Li enpòtan pou ou konprann nòt sa yo bay yon ide kouman pitit ou ap travay lekòl epi reyisi lekòl.

Nan rapò pou Paran, ou dwe wè nòt swivan, pitit ou:

**Percentile Rank (PR)** endike ran pousantaj (PR) vledi nòt pitit ou konpare ak nòt lòt elèv, k'ap fè menm klas ak pitit ou e ki te pran menm tès lekti, *Star Early Literacy*. PR klasman soti 1 rive 99 avèk 50 se mwayènn lan. Nòt PR vledi abilte pitit ou pi wo pase pousantaj nòt lòt elèv. Paregzanp, yon PR 50 vledi abilte ak konpetans pitit ou pi wo pase 50 pousan elèv ki te pran ekzamen an. **PR Range** endike si pitit ou te pran tès la plizyè fwa, pifò nòt li ap tonbe nan klasman sa.

**Nechèl nòt (Scale Score)** se nòt global pitit ou, kalkile sou baz difikilite kesyon yo ak kantite repons kòrèk. Nechèl nòt pou tès literasi bonè, *Star Early Literacy*, klasman soti 200 rive 1100. Pi wo nechèl nòt, plis pèfòmans la wo. Nechèl nòt gwoupe an kat etap devlopman:

Etap	Nechèl nòt klasman	Deskripsiyon
Lektè emèjan bonè	200 rive 682	<p>Yon timoun ki nan etap Lektè emèjan bonè (debitan) ap konmanse konprann:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>tèks enprime gen yon sans.</li> <li>lekti enplike li ka fè lekti mo ak faz enprime degoch adwat dewotanba sou paj la.</li> <li>kouman pou idantifye koulè, fòm jewometrik, chif, ak lèt.</li> <li>langaj pale ka reprezante avèk lèt epitou chak lèt alfabet trase ak yon fòm espesifik.</li> <li>kouman pou idantifye lèt-yo epi wè diferans antreyo.</li> <li>kouman pou rekonnèt son ki rimen.</li> </ul>
Lektè emèjan ta	683 rive 785	<p>Yon timoun ki nan etap Lektè emèjan ta, ap konmanse:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>idantifye rapidman lèt alfabet epi matche pifò lèt-yo ak son-yo.</li> <li>"li" liv imaj epi fè lekti mo ki familye andedan kay la.</li> <li>devlope vokabilè, devlope abilte koute, epi konprann konsèp enprimri lè yon adilt ede li, ase souvan, fè lekti liv prefere li.</li> <li>rekonèt kèk mo enprime epi kapab ekri non li.</li> <li>separe mo pale an pati pi piti epi melanje son mo-yo pou pwononse mo-yo.</li> <li>pwononse mo senp ki enprime epi chache sans mo selon tèks la.</li> </ul>
Lektè tranzisyon/entèmedyè	786 rive 851	<p>Yon timoun ki nan etap Lektè tranzisyon/nivo entèmedyè:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>metrise (aprann byen) lèt alfabet epi konnen byen relasyon lèt-son.</li> <li>ka idantifye konmansman ak fen son konsonn epi idantifye son vwayèl long epi vwayèl kout.</li> <li>ka melanje son ak pati mo pou fè lekti mo senp.</li> <li>ka itilize divès estrateji pou detèmine sans mo, tankou nan imaj, istwa, ak fonik.</li> <li>aplike konsèp bazik nan tèks enprime, liv ak nan tèks ki pa familye.</li> </ul>

Etap	Nechèl nòt klasman	Deskripsiyon
Lektè tranzisyon/entèmedyè (swit)	786 rive 851	<ul style="list-style-type: none"> <li>ka aplike sa li konnen de kombinezon lèt komen pou fè lekti mo.</li> <li>konprann kontèks, tankou nan ilistrasyon oswa mo rimen nan powèm, pèmèt li detèmine sans mo ki pa familye.</li> <li>komanse ap li liv, materyèl lekti fasil pou konprann, men li poko ka li avèk fasilité epi vin yon lektè endepandan.</li> </ul>
Lektè pwobab	852 rive 1100	<p>Yon timoun ki nan etap Lektè pwobab:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>vin abil e konpetan nan rekonèt anpil mo, alafwa nan kontèks epi andeyò kontèks.</li> <li>pase mwens tan ap idantifye epi pwononse mo epi pase plis tan eseye konprann sa li fèk li.</li> <li>ka melanje son epi pati nan mo pou fè lekti mo ak fraz, yon fason pi rapid, avèk fasilité epi kouraman, epi endepandaman.</li> <li>ka itilize estrateji pi konplèks pou dekode mo epi konprann sans tèks lekti pou nivo klas lap fè.</li> <li>konprann anpil mo gen menm sans oswa sans kontrè epi konprann ke mo gen diferan fonksyon.</li> <li>pitim ou deplizanpli kapab seleksyone liv ki enterese li, kontwole poukонт li konpreyansyon yon tèks lekti, verifye si tès la gen sans epi korije tèt-li touswit lè sa nesesè.</li> <li>se pwobab pitit ou ka lokalize detay enpòtan nan yon tèks pou reponn kesyon literal ak enferansyèl (rezonnman lojik) epitou pitit ou ka fè lekti awotvwa tèks fasil, avèk egzaktitud, fasilité epi espresyon.</li> </ul>

Pou ede yon Lektè emèjan bonè/**Early Emergent Reader**, amelyore, bagay ki pi enpòtan ou ka fè, lakay ou, se fè lekti awotvwa liv istwa. Si pitit ou mande ou li menm liv la touttan, pa ezite kontinye fè lekti menm liv la. Ositou, pale ak pitit ou sou sa ou fèk li. Lè pitit ou koute istwa epi lè li pale de istwa a, pitit ou va aprann fè rapò ant mo pwononse ak mo enprime sou yon paj.

Pou ede yon lektè emèjan ta/**Late Emergent Reader**, amelyore, bagay ki pi enpòtan pou ou fè, se fè lekti pou pitit ou epi ansanm ak pitit ou, li liv ki enteresan epi previzib. Ou ka ankouraje pitit gason/pitit fi ou esprime pwòp lide pa-li. Li enpòtan pou ou pale ak pitit ou sou sa nou te li, wè, tandem, travay ansanm. Pitit ou va benefisyé de jwèt ki devlope sans konsyans son ak lèt alfabet, tankou jwèt mo ki rimen oswa jwèt ki enplike triye mo swa ak premye lèt, dènye lèt, oswa son.

Pou ede yon Lektè tranzisyon (entèmedyè)/**Transitional Reader**, vin yon lektè ki li kouraman, li enpòtan pou ou fè lekti liv istwa awotvwa, lakay ou, ak pitit ou. Lè nou toulede li ansanm, ou va montre pitit ou kouman pou li fè lekti avèk fasilité. Pitit ou va benefisyé anpil de jwèt ki egzije matche mo pwononse ak mo ki enprime sou yon paj.

Pou ede yon lektè pwobab/**Probable Reader**, kontinye amelyore abilte li nan lekti, lakay, li enpòtan pou bay lektè a opòtinite fè lekti epi diskrite/pale sou diferan liv. Pitit ou ta benefisyé anpil de aktivite ki amizan, tankou itilize jwèt mo oubyen poze kesyon ki egzije pitit ou esprime opinyon oswa lide pa-li.

Enfòmasyon adisyonèl disponib sou sit entènèt

<https://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/20102/ur1t/2223FASTFactSheet.pdf>. Si ou gen kesyon konsènan nòt pitit ou oswa rekmandasyon sou pwen ki enimere anwo a, tanpri kontakte lekòl pitit ou.

## Deskripsiyon pou Paran osijè tès evalyasyon KG-2 Star Reading

Pitit ou te pran sou konpitè yon tès lekti, *Star Reading*, tès evalyasyon adaptatif. Rapò sa ap rezime nòt pitit ou pran nan tès la. Anpil faktè ka afekte nòt pitit ou. Li enpòtan pou ou konprann nòt sa yo bay yon ide kouman pitit ou ap travay lekòl epi reyisi lekòl.

Nan rapò pou Paran, ou dwe wè nòt swivan, pitit ou:

**Percentile Rank (PR)** endike ran pousantaj (PR) vledi nòt pitit ou konpare ak nòt lòt elèv k'ap fè menm klas ak pitit ou e ki te pran menm tès lekti, *Star Reading*. Ran pousantaj PR soti 1 rive 99 avèk 50 se se mwayènn lan. Nòt PR vledi abilte pitit ou pi wo pase pousantaj nòt lòt elèv. Paregzanp, yon PR 50 vledi abilte ak konpetans pitit ou pi wo pase 50 poustan elèv ki te pran ekzamen an. **PR Range** endike si pitit ou te pran tès la plizyè fwa, pifò nòt li ap tonbe nan klasman sa. Nòt PR pitit ou endike jan lap travay lekòl parapò ak lòt elèv epi plase li nan youn nan kat kategori sa-yo:

Kategori	Ran Pousantaj	Deskripsiyon
A nivo/Pi wo pase Repè akademik	40 rive 99	Elèv la obteni nòt nivo mwayenn oswa pi wo konpare ak lòt elèv ki te pran tès evalyasyon sa.
Sou obsèvasyon	25 rive 39	Elèv la obteni nòt pi ba pase mwayenn konpare ak lòt elèv ki te pran tès evalyasyon sa.
Entèvansyon	10 rive 24	Elèv la obteni nòt pi ba pase rezulta nòt 75% elèv ki te pran tès evalyasyon sa.
Entèvansyon ljan	1 rive 9	Elèv la obteni nòt pi ba pase rezulta nòt 90% elèv ki te pran tès evalyasyon sa.

Nechèl nòt (**Scale Score**) se nòt global pitit ou, kalkile sou baz difikilte kesyon yo ak kantite repons kòrèk. Nechèl nòt pou tès lekti, *Star Reading*, klase apati 600 rive 1400. Pi wo nechèl nòt, plis pèfòmans la wo vledi elèv la ap travay byen lekòl.

**Domain Scores** (domenn nòt) evalye sa pitit ou metrize (aprann byen) nan chak pati lekti, pou nivo klas lap fè. Ou va wè *domain scores* sèlman kote elèv yo reponn kesyon-yo. Nou bay rezulta *domain scores* pou Lekti, Vokabilè, ak Konpetans debaz (**Reading, Vocabulary, and Foundational Skills**). *Domain scores* (domenn nòt) gen kòd diferan koulè, chak kòd koresponn a yon koulè epi etap:

- Wouj pou debit (Beginning): 0-59% mastery (metrize)
- Jòn pou etap devlopman (Developing): 60-79% mastery (metrize)
- Vèt pou Akonplisman (Secure): 80-100% mastery (metrize)

Nivo enstriksyon nan lekti (IRL)/**Instructional Reading Level (IRL)** endike nivo lekti pitit ou omwen 80% konpetan nan rekonèt mo epi konprann sa lap li nan liv ak materyèl pedagojik. Nòt IRL se pou Pre-Primer (PP), Primer (P), nòt 1.0 rive 12.9, ak apre lekòl segondè [Post-High School (PHS)]. Yon nòt (P) ta endike pitit ou omwen 80% konpetan nan li liv ak materyèl pedagojik pou klas Kindègadenn.

Zòn devlopman pwoksimal (ZPD)/**Zone of Proximal Development (ZPD)** yon elèv ka seleksyone liv dapre nivo konprevansyon lekti. Nivo a pa ni twò difisil ni twò fasil; kifè, elèv yo ka fè esperyans kwasans maksimal.

Enfòmasyon adisyonèl disponib sou sit

<https://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/20102/urlt/2223FASTFactSheet.pdf>. Si ou gen kesyon sou nòt ptit ou, tanpri kontakte lekòl ptit ou.

## Deskripsyon pou Paran osijè tès evalyasyon

### KG-2 Star Mathematics

Pitit ou te pran tès Matematik, *Star Mathematics*, sou konpitè, ki se yon tès adaptatif. Rapò sa ap rezime nòt pitit ou pran nan tès la. Anpil faktè ka afekte nòt pitit ou. Li enpòtan pou ou konprann nòt sa yo bay yon ide kouman pitit ou ap travay lekòl epi reyisi lekòl.

Nan rapò pou Paran, ou dwe wè nòt swivan, pitit ou:

**Percentile Rank (PR)** endike ran pousantaj (PR) vledi nòt pitit ou konpare ak nòt lòt elèv k'ap fè menm klas ak pitit ou e ki te pran menm tès Matematik, *Star Mathematics*. Ran pousantaj PR soti 1 rive 99 avèk 50 se mwayènn lan. Nòt PR vledi abilte pitit ou pi wo pase pousantaj nòt lòt elèv. Paregzanp, yon PR 50 vledi abilte ak konpetans pitit ou pi wo pase 50 poustan elèv ki te pran ekzamen an. **PR Range** endike si pitit ou te pran tès la plizyè fwa, pifò nòt li ap tonbe nan klasman sa. Nòt PR pitit ou endike jan lap travay lekòl parapò ak lòt elèv epi plase li nan youn nan kat kategori sa-yo:

Kategori	Ran Pousantaj	Deskripsiyon
A nivo/ Pi wo pase repè akademik	40 rive 99	Elèv la obteni nòt nivo mwayenn oswa pi wo konpare ak lòt elèv ki te pran tès evalyasyon sa.
Sou obsèvasyon	25 rive 39	Elèv la obteni nòt pi ba pase mwayenn konpare ak lòt elèv ki te pran tès evalyasyon sa.
Entèvansyon	10 rive 24	Elèv la obteni nòt pi ba pase rezulta nòt 75% elèv ki te pran tès evalyasyon sa.
Entèvansyon Ijan	1 rive 9	Elèv la obteni nòt pi ba pase rezulta nòt 90% elèv ki te pran tès evalyasyon sa.

Nechèl nòt (**Scale Score**) se nòt global pitit ou, kalkile sou baz difikilte kesyon yo ak kantite repons kòrèk. Nechèl nòt pou tès matematik, *Star Mathematics*, klase apati 600 rive 1400. Pi wo nechèl nòt, plis pèfòmans la wo vledi elèv la ap travay byen lekòl.

**Domain Scores** (domenn nòt) evalye sa pitit ou metrize (aprann byen) nan chak pati matematik, pou nivo klas lap fè. Ou va wè *domain scores* sèlman kote elèv yo reponn kesyon-yo. Nou bay rezulta *domain scores* pou Rezonnan Aljebrik, Analiz done ak pwobablite, fraksyon, rezonnman jewometrik, mezi ak sans nonb epi operasyon (**Algebraic Reasoning, Data Analysis and Probability, Fraction, Geometric Reasoning, Measurement, and Number Sense and Operations**). Domain scores (domenn nòt) gen kòd diferan koulè, chak kòd koresponn a yon koulè epi etap:

- Wouj pou debitan (**Beginning**): 0-59% mastery (metrize)
- Jòn pou etap devlopman (**Developing**): 60-79% mastery (metrize)
- Vèt pou Akonplisman (**Secure**): 80-100% mastery (metrize)

Enfòmasyon adisyonèl disponib sou sit

<https://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/20102/urlt/2223FASTFactSheet.pdf>. Si ou gen kesyon sou nòt pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou.



## Deskripsyon pou Paran osijè tès evalyasyon FAST 3-10 Reading

Tès evalyasyon *Florida Assessment of Student Thinking (FAST)* se yon zouti kontwòl pwogrè elèv, lekòl la bay tès la pandan ane eskolè a swa twa fwa nan ane a; pitit ou va pran tès la ki va kontwole pwogrè li nan aprantisaj lekti dapre repè akademik epi nòm *Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T) Standards*. Tablo anba a va ede-ou konprann nòt pitit ou te pran nan tès lekti *FAST Reading*, ki pi resan. **Rezulta nòt pitit ou nan premye administrasyon tès la se sèlman pou enfòmasyon.** Tès FAST prezante kesyon ki kouvri kontni matyè ki anseye pandan ane a. Savledi pitit ou ka wè sou tès la kesyon ki kouvri kontni matyè ke pwofesè a poko anseye li. Pou plis enfòmasyon sou konsepsyon tès la, tanpri vizite sit <https://www.fl DOE.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>.

Ki kote nòt pitit ou sitiye sou nechèl la (scale score)?

Assessment	Level 1	Level 2	Level 3	Level 4	Level 5
Grade 3 ELA Reading	240–284	285–299	300–314	315–329	330–360
Grade 4 ELA Reading	251–296	297–310	311–324	325–339	340–372
Grade 5 ELA Reading	257–303	304–320	321–335	336–351	352–385
Grade 6 ELA Reading	259–308	309–325	326–338	339–355	356–391
Grade 7 ELA Reading	267–317	318–332	333–345	346–359	360–397
Grade 8 ELA Reading	274–321	322–336	337–351	352–365	366–403
Grade 9 ELA Reading	276–327	328–342	343–354	355–369	370–407
Grade 10 ELA Reading	284–333	334–349	350–361	362–377	378–412

Kisa Nivo Akonplisman (**Achievement Level**) pitit ou vledi?

Nivo 5	Satisfie Nivo Leta Apwouve	<b>Metrise:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 5 demontre yo metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Yo gen anpil chans eksele nan pwochenn klas la.	<b>Selon egzijans Lwa Florid, pou ane eskolè 2022-2023, nivo akonplisman elèv lye ak rapò nechèl nòt FSA 2021-2022. Pou ane eskolè 2023-2024 epi apre, rapò nòt va fèt sou yon nouvo nechèl apre Komisyon Eskolè Leta adopte nouvo atant akonplisman elèv an 2023.</b>
Nivo 4		<b>Konpetan:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 4 demontre yo konpetan (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Yo sisipib eksele nan pwochenn klas la.	<b>Yo va rapòte ran pouvantaj apre peryòd tan PM (kontwole pwogrè) fèmen. Nòt sa va endike pèfòmans pitit ou parapò ak lòt elèv ki te pran menm tès la nan peryòd tan sa.</b>
Nivo 3		<b>Nivo Klas:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 3 demontre yo metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Yo ka bezwen sipò adisyonèl pou eksele nan pwochenn klas la.	<b>Tanpri vizite pòtay sit entènèt FAST <a href="http://www.fl fast.org">http://www.fl fast.org</a> pou aksè nan enfòmasyon adisyonèl ak resous, aksè a Gid Rapid pou Paran ki eslike chak eleman rapò sa.</b>
Nivo 2	Pa satisfie Nivo Leta Apwouve	<b>Pi ba Satisfézan:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 2 demontre yon nivo pi ba satisfézan nan metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Pou prepare elèv yo pase pou pwochenn klas la, yo va bezwen sipò adisyonèl ki ase enpòtan.	<b>Pou klas 3-5, elèv ki pran nòt Nivo 1 oswa Nivo 2 ka elijib pou yon bous lekti \$500; depans apwouve pou acha liv, pran lesón (tutoring), ak lòt pwogram edikasyonèl. Vizite sit <a href="http://Stepupforstudents.org/reading">http://Stepupforstudents.org/reading</a> pou plis enfòmasyon.</b>
Nivo 1	Pa satisfie Nivo Leta Apwouve	<b>Pa Satisfézan:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 1 demontre yon nivo pa satisfézan nan metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Pou prepare elèv yo pase pou pwochenn klas la, se pwobab yo va bezwen sipò adisyonèl ki ase enpòtan.	



Kisa Kategori rapò sub-score pitit mwen vledi?

Tès evalyasyon lekti, *FAST Reading*, evalye pèfòmans elèv parapò ak nòm kontni B.E.S.T. Pou tout nivo klas ki teste, tès Lekti evalye sa elèv yo konnen epi kapab fè nan kategori rapò ki enimere anba a. Difilikte konsèp ki evalye nan tès Lekti, *ELA Reading*, pwogrese yon fason sistematik de yon klas a yon lòt, menmjan konpleksite yon tèks ke yo mande elèv fè lekti nan chak klas. Elèv yo obtени nòt pi wo pase nòm, nan/toupre nòm, oswa pi ba nòm (**Above the Standard, At/Near the Standard, or Below the Standard**) nan domenn swivan:

Kategori Lekti	Nòt	Kontni ki kouvri
Janr & Vokabilè	3 rive 10	Entèprete Langaj Figire, Lekti Konpare, Mòfolozi, ak Kontèks & Konotasyon
	3 rive 5	Parafraze & Rezime
	6 rive 10	Konprann Retorik
Tèks enfòmasyon	3 rive 10	Estrikti, Lide santral, Bi & Pèspektiv, ak Agiman
Pròz ak Pwezi	3 rive 10	Eleman Literè, Tèm, Pèspektiv & Pwenndvi, epi Pwezi

Definisyon pou chak kategori rapò pou chak tip evalyasyon disponib anba a. Pou yon lis konplèt pwen repè akademik asosye ak chak kategori rapò, lis la disponib sou sit entènèt:

<https://www fldoe.org/core/fileparse.php/20102/urlt/TDS-FAST-ELA.pdf>

Enfòmasyon adisyonèl sou nòt elèv disponib sou sit sa <https://flfast.org/-/media/project/client-portals/florida-fast/pdf/manuals-and-user-guides/understanding-fast-reports-for-families.pdf>

Si ou gen kesyon sou nòt pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou.



## Deskripsyon pou Paran osijè tès evalyasyon FAST 3-8 Mathematics

Tès evalyasyon *Florida Assessment of Student Thinking (FAST)* se yon zouti kontwòl pwogrè elèv, lekòl la bay tès la pandan ane eskolè a swa twa fwa nan ane a; ptit ou va pran tès la ki va kontwole pwogrè li nan aprantisaj matematik dapre repè akademik epi nòm *Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T) Standards*. Tablo anba a va ede-ou konprann nòt ptit ou pran nan tès FAST Mathematics, ki pi resan. **Rezulta nòt ptit ou nan premye administrasyon tès la se sèlman pou enfòmasyon.** Tès FAST prezante kesyon ki kouvri kontni matyè ki anseye pandan ane a. Savledi ptit ou ka wè sou tès la kesyon ki kouvri kontni matyè ke pwofesè a poko anseye li. Pou plis enfòmasyon sou konsepsyon tès la, tanpri vizite sit <https://www.fl DOE.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>.

Ki kote nòt ptit ou sitiye sou nechèle la (scale score)?

Assessment	Level 1	Level 2	Level 3	Level 4	Level 5
Grade 3 Mathematics	240–284	285–296	297–310	311–326	327–360
Grade 4 Mathematics	251–298	299–309	310–324	325–339	340–376
Grade 5 Mathematics	256–305	306–319	320–333	334–349	350–388
Grade 6 Mathematics	260–309	310–324	325–338	339–355	356–390
Grade 7 Mathematics	269–315	316–329	330–345	346–359	360–391
Grade 8 Mathematics	273–321	322–336	337–352	353–364	365–393

Kisa Nivo akonplisman (**Achievement Level**) vledi?

Nivo 5	Satisfie Nòm Leta Apwouve	<b>Metrise:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 5 demontre yo metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Yo gen anpil chans eksele nan pwochenn klas la.	<p><b>Selon egzijans Lwa Florid, pou ane eskolè 2022-2023 sèlman, nivo akonplisman elèv pwovizwa, epi lye ak rapò nechèle nòt 2021-2022. Pou ane eskolè 2023-2024 epi apre, rapò nòt va fèt sou yon nouvo nechèle apre Komisyon Eskolè Leta adopte nouvo atant akonplisman elèv an 2023.</b></p>
Nivo 4		<b>Konpetan:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 4 demontre yo konpetan (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Yo siseptib eksele nan pwochenn klas la.	
Nivo 3		<b>Nivo Klas:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 3 demontre yo metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Yo ka bezwen sipò adisyonèl pou eksele nan pwochenn klas la.	
Nivo 2	Pa Satisfie Nòm Leta Apwouve	<b>Pi ba Satisfézan:</b> Elèv ki obtensi nòt (score) nan nivo 2 demontre yon nivo pi ba satisfézan nan metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Pou prepare elèv yo pase pou pwochenn klas la, yo va bezwen sipò adisyonèl ase enpòtan.	
Nivo 1		<b>Pa Satisfézan:</b> Elèv ki obtensi nòt nivo 1 gen yon nivo pa satisfézan nan metrise (aprann byen) nòm B.E.S.T Standards pou klas yap fè. Pou prepare elèv yo pase pou pwochenn klas la, se pwobab yo va bezwen sipò adisyonèl ase enpòtan.	



Kisa sou-score (**Sub-scores**) pitit mwen vledi?

Tès evalyasyon matematik, *FAST Mathematics*, evalye pèfòmans elèv parapò ak nòm kontni B.E.S.T. Pou tout nivo klas ki teste, tès Matematik evalye sa elèv yo konnen epi kapab fè nan kategori rapò ki enimere anba a. Difilikte konsèp ki evalye nan tès Matematik pwogrese yon fason sistematik de yon klas a yon lòt, menjan konpleksite chif ak operasyon matematik ke yo mande elèv aprann nan chak klas. Elèv yo obtensi nòt pi wo pase nòm, nan/toupre nòm, oswa pi ba nòm (**Above the Standard, At/Near the Standard, or Below the Standard**) nan domenn swivan:

Ane	Kategori rapò
3	Rezonnanman sou fraksyon Rezonnanman jewometrik, Mezi, ak Analiz done epi Pwobablite Sans nonb ak Rezonnanman aditif Sans nonb ak Rezonnanman miltiplikatif
4	Rezonnanman jewometrik, Mezi, ak Analiz done epi Pwobablite Sans nonb ak Operasyon avèk fraksyon epi desimal Sans nonb ak Operasyon avèk nonb antye
5	Rezonnanman aljebrik Rezonnanman jewometrik, Mezi, ak Analiz done epi Pwobablite Sans nonb ak Operasyon avèk fraksyon epi desimal Sans nonb ak Operasyon avèk nonb antye
6	Rezonnanman aljebrik Rezonnanman jewometrik, analiz done ak pwobablite Sans nonb ak operasyon
7	Analiz done ak pwobablite Rezonnanman jewometrik Sans nonb ak Operasyon epi Rezonnanman aljebrik Rezonnanman pwopòsyonèl ak relasyon
8	Rezonnanman aljebrik Rezonnanman jewometrik Relasyon lineyè, Analiz done, ak Fonksyon Sans nonb ak operasyon epi pwobablite

Definisyon pou chak kategori rapò pou chak tip evalyasyon disponib anba a. Pou yon lis konplèt pwen repè akademik asosye ak chak kategori rapò rezulta, lis la disponib sou sit entènèt:

<https://www fldoe.org / core / fileparse .php / 20102 / urlt / TDS - FAST - Math.pdf>

Enfòmasyon adisyonèl sou nòt pitit ou disponib sou sit entènèt <https://flfast.org/-/media/project/client-portals/florida-fast/pdf/manuals-and-user-guides/understanding-fast-reports-for-families.pdf>

Si ou gen kesyon sou nòt pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou.